



An Kreyòl Ayisyen



Enfòmasyon pou kontakte
Fresh Buy Local Cape Cod
(Achte Pwodwi Lokal Fre Cape Cod)

Tara Racine

Buy Fresh Buy Local Cape Cod:
Program Coordinator

Nimewo telefòn nan biwo a: (508) 375-6695


Adrès elektwonik:

Tara.Racine@CapeCod.gov

Pòtay entènèt:

BuyFreshBuyLocalCapeCod.org

Facebook.com/buyfreshbuylocalcapecod



Avantaj SNAP

Massachusetts Department of Transitional Assistance (DTA, ki se Depatman Asistans pou Tranzisyon nan Massachusetts la) ede ak mete mwayen nan men moun ak fanmi pou satisfè bezwen fondamantal yo, ak amelyore kalite lavi yo, ak rive gen endepandans ekonomik yo pou lontan. Youn nan pwogram asistans DTA yo se avantaj SNAP, ki se yon pwogram asistans yo te konn rele kupon alimantè. Avantaj SNAP yo pèmèt moun ak fanmi yo resewva lajan chak mwa pou achte manje. Bennefisyè SNAP yo resewva yon kat EBT pou achte manje nan magazen alimantè, ak boutik, ak kontwa kiltivatè, ak mache kiltivatè ki patisipe nan pwogram lan. Nòmalmman komès ki patisipe yo afiche logo SNAP la pou fè moun konnen yo aksepte kat SNAP / EBT. Ou mèt gade nan pòtay entènèt nou an tou, nan adrès BuyFreshBuyLocalCapeCod.org, oswa nan DTAFinder.com pou wè vandè SNAP ki toupre ou. Bennefisyè SNAP yo resewva fòmasyon gratis ak opòtinite pou yo aprann nan travay, ak fòmasyon gratis sou nitrisyon, diskont sou sèvis, manje gratis nan lekòl, ak diskont oswa antre gratis nan anpil mize ak enstitisyon kiltirèl nan Massachusetts. Pou plis enfòmasyon sou avantaj SNAP yo, gade nan adrès <https://www.mass.gov/how-to/apply-for-snap-benefits-food-stamps>.

Avantaj HIP

Tout bennefisyè SNAP nan Massachusetts yo kalifye otomatikman pou patisipe nan Pwogram Ankourajman pou Sante a (ki rele "Healthy Incentives Program" oubyen HIP). Moun ak fanmi ki resewva avantaj SNAP yo ap resewva ranbousman otomatik touswit sou kat EBT yo, lè yo achte fwi ak legim fre nan men kiltivatè, oswa nan mache kiltivatè, nan mache mobil ki patisipe yo, ak nan pwogram agrikòl pataje (CSA) kominote a sipòte. Chak mwa, patisipan yo ak fanmi yo ap resewva yon ranbousman \$40, \$60, oswa \$80 (dapre kantite moun ki viv nan menm kay la) pou yo achte fwi ak legim fre. Pa gen okenn bezwen pou siyen pou HIP - bennefisyè SNAP / EBT Massachusetts yo kapab patisipe otomatikman nan pwogram HIP a. Sonje sa, se pa tout vandè SNAP yo ki patisipe nan HIP, kidonk gade si ou wè logo HIP la (tankou nan foto pi wo la a) nan kontwa kiltivatè ak mache kiltivatè yo. Ou ka jwenn yon vandè HIP tou si ou ale nan pòtay entènèt nou an nan adrès BuyFreshBuyLocalCapeCod.org, oubyen nan adrès DTAFinder.com.



Achte Pwodwi Lokal Fre Cape Cod (Buy Fresh Buy Local Cape Cod)

Misyon Buy Fresh Buy Local Cape Cod se pou konnekte moun k ap viv oswa k ap vizite Cape Cod avèk pwodwi ki kiltive oswa ki peche nan lanmè nan zòn lan. Pou ankouraje travay kiltivatè lokal ak mache kiltivatè yo, nou fè materyèl pou pwopagann ak piblisite ki fè kliyan yo konnen kote pou yo jwenn manje fre ki soti nan jaden kiltivatè ki nan menm zòn lan. Nou fè piblik la konnen tou anpil avantaj ki genyen pou ekonòmi, ak anviwonman, ak kalite pwodwi, ki soti nan manje pwodwi lokal yo. Pou edikasyon kominote a, nou sèvi avèk materyèl ak pwogram edikasyon tankou liv resèt, videyo sou kwizin, demonstrasyon sou jadinaj, jaden yo plante nan kominote a, pwogram nitrisyon, leson pou timoun lekòl, ak enfòmasyon sou manje ki soti nan lanmè.

Buy Fresh Buy Local Cape Cod se yon pwogram Cape Cod Cooperative Extension fè, kòm branch pou edikasyon nan Barnstable County. Tout kiltivatè Cape Cod, ak mache kiltivatè, ak pwodikè manje kalifye pou yo patisipe nan pwogram sa a san yo pa bezwen peye. Lè yo patisipe, pwodikè manje lokal yo resevwa asistans gratis pou fè komès, ansanm ak lòt resous ki anrapò avèk pwogram lan. Buy Fresh Buy Local Cape Cod fè sèvis sa yo pou ede kiltivatè ki manm yo sipòte komès plantasyon lokal yo, ekonòmi a, sante rezidan yo, istwa agrikilti, ak sekirite alimantè.

Lè ou achte manje nan men kiltivatè lokal yo, ou ede sipòte plantasyon fanmi Cape Cod yo pou yo kontinye fè pwogrè. Ou ede garanti jenneryasyon demen yo ap jwenn bon kantite manje pou sante, epi ki gen bon gou. N ap kontan resevwa tout moun, epi sa pa koute anyen pou vizite yon mache kiltivatè nan zòn ou ye a. Vin vizite youn ki tou pre ou!

Kote ki gen mache kiltivatè Cape Cod, ak lè yo louvri:

Upper Cape

Falmouth Farmers Market (Mache Kiltivatè Falmouth)
Chak jedi ant 12pm ak 5pm
Depi fen mwa me pou rive nan kòmansman oktòb
Marine Park sou Scranton Ave., Falmouth
Facebook.com/FalmouthFarmersMarket
Ki fòm peman ki aksepte : EBT/SNAP, HIP, Kupon pou Moun Anpil Laj, WIC, kach, kat kredi / debi

Sandwich Farmers Market (Mache Kiltivatè Sandwich)
Chak jedi ant 10am ak 1pm
Depi fen mwa jen pou rive nan kòmansman oktòb
[Chanjman adrès, ki pral anonse pi ta]
Sandwichfarmersmarket.com
Ki fòm peman ki aksepte : EBT/SNAP, HIP, WIC, Kupon pou Moun Anpil Laj, kach, kat kredi / debi

Mid Cape

Bass River Farmers Market in Yarmouth (Mache Kiltivatè Bass River nan Yarmouth)
Chak jedi ak samdi ant 9am ak 1:30 pm
Depi mitan mwa jen pou rive nan mitan septanm
311 Old Main St., South Yarmouth
Bassriverfarmersmarket.org
Ki fòm peman ki aksepte : EBT/SNAP, HIP, WIC, Kupon pou Moun Anpil Laj, kach, kat kredi / debi

Osterville Farmers Market (Mache Kiltivatè Osterville)
Chak vandredi ant 9am ak 1pm
Depi mitan mwa jen pou rive nan mitan septanm
Osterville Historical Museum, 155 West Bay Road, Osterville
Antre lib nan mize a pandan lè mache a louvri
Ostervillefarmersmarket.org
Ki fòm peman ki aksepte : EBT/SNAP, HIP, WIC, Kupon pou Moun Anpil Laj, kach, kat kredi / debi

Lower Cape

Brewster Farmers Market (Mache Kiltivatè Brewster)
Chak mèkredi ant 3pm ak 6pm
Depi kòmansman mwa jen pou rive nan kòmansman septanm
Windmill Village, 51 Drummer Boy Road, Brewster
Brewsterhistoricalsociety.org/farmers-market
Ou ka kòmande pwovizyon pou ou vini pran devan mache a
Ki fòm peman ki aksepte : EBT/SNAP, HIP, WIC, Kupon pou Moun Anpil Laj, kach, kat kredi / debi

Chatham Farmers Market (Mache Kiltivatè Chatham)
Chak madi ant 3pm ak 6pm
Depi mitan mwa me pou rive nan mitan oktòb
Local Color Art Gallery and Ocean State Job Lot, 1652 Main Street, Chatham
Facebook.com/chathamfarmersmarket
Ki fòm peman ki aksepte : EBT/SNAP, HIP, WIC, Kupon pou Moun Anpil Laj, kach, kat kredi / debi

Harwich Farmers Market (Mache Kiltivatè Harwich)
Chak jedi ant 3pm ak 6pm
Depi mitan mwa jen pou rive nan kòmansman oktòb
Harwich Historical Society, 80 Parallel Street, Harwich
Harwichfarmersmarket.com
Ki fòm peman ki aksepte : WIC, Kupon pou Moun Anpil Laj, kach, kat kredi / debi

Orleans Farmers Market (Mache Kiltivatè Orleans)
Chak samdi maten pandan tout lane a
Kote ki louvri pandan sezon ete : 21 Old Colony Way, Orleans
Kote ki louvri pandan sezon ivè : 44 Main Street, Orleans
Orleansfarmersmarket.com
Ki fòm peman ki aksepte : EBT/SNAP, HIP, WIC, Kupon pou Moun Anpil Laj, kach, kat kredi / debi

Outer Cape

Provincetown Farmers Market (Mache Kiltivatè Provincetown)
Chak madi ant 9am ak 1pm
Depi fen mwa me pou rive nan fen oktòb
Li sou Ryders Street, nan Provincetown
Estasyonman oto nan pakin vil la, ak nan lekòl segondè a
Facebook.com/ptownfarmersmarket

Truro Educational Farmers Market (Mache Kiltivatè Truro Educational)
Chak lendi ant 8am ak 12pm
Depi mitan mwa jen pou rive nan mitan septanm
29 Truro Center Road, Truro
Sustainablecape.org

Wellfleet Farmers Market (Mache Kiltivatè Wellfleet)
Chak mèkredi ant 8am ak 12pm
Depi kòmansman mwa me pou rive nan kòmansman oktòb
Congregational Church, 200 Main Street, Wellfleet
Wellfleetfarmersmarket.org
Ki fòm peman ki aksepte : EBT/SNAP, HIP, WIC, Kupon pou Moun Anpil Laj, kach, kat kredi / debi